ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ІАМЫЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№87 (22.245) ● 2012 гъэм накъыгъэм (майм) и 16, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Гугъуехьхэм я лъабжьэр

КЪБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен нджыблагъэ щригъэкІуакІэ Правительствэм хэтхэмрэ кьадэ, район администрацІэхэм я Іэтащхьэхэмрэ я зэІущІэ. Абы щыхэпІэжащ 2010 - 2011 гъэхэм республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм икІи мы гъэм къапэщылъ Іуэхугъуэхэр ныджри зэгъэзджылыжащ.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

- ФЫІЭЗРЫЩІГЪУАЗЭШІ, курыт еджапІэщІэхэр, сабий садхэр ухуэным, лажьэхэр зэІуэзэпщ щыным бюджет ахъшэу мелуан куэд гъэкъэс хухыдох. 2008 гъэ лъандэрэ егъэджакІуэм иригъаджэ щІыхь бжыгъэм тещІыхьауэ улахуэр ират хъуащ. Абы Іэмал кьыдет я лэжьапщІэр республикэм ику иту кьыщахьым нэх хэдгъэхъуэну. КьищынэмыщІауэ, сабий зэчиифІэхэр кьыхэхьным, зигъэшІагъэ кьимыпІасэхэр я унэ щегъэджэным хуэунэтІа лэжьыгъэхэри ІокІуэкІ. Дэиужь дитщ нобэрей зэманым кьезэгъыу егъэджэныгъэр зэтедгъуэну. - жиІащ Къанокъуэ Арсен.

Абы кьыхигъэщащ илъэси 10 хуэдизым кьриубыдэу мардэхэм кьимыпІасэ еджапІэу щыІэ псори зэгъэпэщыжын зэрыхъуэр. Апхуэдэ школхэр 110-рэ мэхъу. ИкІи а Іуэхум кьыдэгъуэгурыкІуэу яухуэнущ еджапІэщІэхэр, 1960 гъэхэм ящІауэ щытахэр иджыпот мардэм кьитІасэхэмкІэ ихьуэжу.

Іуэхуэхэм зэпкърахауэ тепсэлъыхьу кьыщыпсалъэм, республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий кьызэригъэлъэгъуамкІэ, министерствэм и унафэм щІэтщ курыт еджапІэу, сабий саду, щІэныгъэ щрагъэгъуэт нэгъуэщІ Іуэхущ-ІапІэу 350-рэ. Абыхэм щрагъаджэ, щагъасэ цыху мин 165-м щигъу. Апхуэдизу Іуэхущ-ІапІэм я лэжьыгъэр тэмэму кьызэгъэпэща хьун папщІэ, 2010 - 2011 гъэхэм кьриубыдэу министерствэм и коллегием зэІущІэ 20 иригъэкІуэкІащ, проект 36-рэ кьащтащ, абы щыщу 7-р хабэзгъэуэв щыхьэт тхьытщ.

ЕджапІэхэм я лэжьэкІэр къапщІащ 330-рэ икІи ныкъусаныгъэ зэхуэмыдэу къыщІагъэщащ мини 2-м щІигъу. Дауи, псом хуэмыдэу гупытпэ нэхъ зыхуащІар корпуцэм и нэцэнэхэр зыхэхъ Іуэхугъуэхэр щымыгъэЗнрац. Абы папщІэ министерствэм кьыхэригъэпэща сайт щхьэхэм нэгъабэ «щыхьэщащ» цыху мин 240-рэ, я гукъуэхэр, тхьэусыхэхэр, Іуэху ептыкІэхэр кьыщІауатэу.

(Кьэухыр 2-нэ нап.).

● КъБР-м и Парламентым

Дэтхэнэ сабийри анэ лъагъуныгъэ хуейщ

КЪБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкіэ, псэуныгъэ политикэмкіэ, узыншагъэр хъумэнымкіэ и комитетым зи чэзу зэІущІэр «Прохладнэ сабий унэ-интернатым» щригъэкІуэкІащ.

ІУЭХУЩІАПІЭМ и унафэщІ Серэдко Оксанэ депутатхэр щыгъуазэ ищІащ аэр зыІуэ гугъуехьхэр зыхуэдэм. Мы зэманым интернатым сабии 106-рэ щаІыгъщи, а псоминыкъуэдыкъуагъэкІэ пенсэ кърат. Урысейм и Федральнэ налог Іэнатіэм КъБР-м щиІэ къудамэм и нэІэ Іуэхущ-ІапІэм кьытрегъэт икІи зэрыкуэдІэкІэ зыкьыщІегъакъуэ. Апхуэдэу кьадоІэпкъуэ языныкъуэхэм деж зи цІэхэр хэІуцІыІу зыщІыну хуэмей цІыху щхьэхуэхэри. Серэдко Оксанэ а псомиф ІыщІэ яхуещІ, арэзыгъэ ар яхурикъуэкым сабийхэр тэмэму ерыскъырэ щыгъынкІэ кьызэрагъэпэщын папщІэ. Интернатым и унэр зэпэщыжкэн хуейщ, и унашъхэр кхъахэ хъуащ, Іуэхущ-ІапІэм и пщІанТІэри теплъаджэщ.

Сабий сымаджхэм махуэ кьэс яхэт, абыхэм гулъытэ яхуэзыщІ лэжьакІуэхэм ику иту я улахуэр зэрыхъэр сом мини 6,5-рэщ.

Дохутырхэр интернатым зэрыщылажьэр улахуэ ныкъуэкІэщ, медицинэ Іуэхущ-ІапІэхэм я лэжьакІуэхэм яІэ льготэхэм хуэдэ социальнэ Іуэхущ-ІапІэхэм я лэжьакІуэхэм зэрамыІэм кьыхэкІыу.

Серэдко депутатхэм, Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ министерствэм и лІыкІуэхэм елъэІуащ интернатым щаІыгъ сабийхэр зэпымыууэ зыхуэныкъуэ медицинэ Іэмэпсымэхэр кьызэращІухуну ахъшэр нэхъыбэ ящІыныжкІэ щыІэ Іэмалхэм хэпІэну.

Іуэхущ-ІапІэм зэпымычу кьелъыхъуэ сабийхэр бын зыщІыну хьэзыр щІыхэр. Нэгъабэ бынымкІэ яІэ хуитныгъэр иратажащ анищым. «Адэ-анэхэм трахауэ щыта хуитныгъэхэр иратыкьнри, сабийр и анэм хуэгъэзанри япэ лъабжьуэ кьудейщ. Ауэ адэ-анэхэм я быныр къамыщтэжми, зэральэгъуэ кьудейм сабийхэм я гукъыдэжьр хэпщыкІыу кьеІэт, я узыншагъэр иргъэфІакІуэ. Дэ кьыдгуроІуэр анэм и лъагъуныгъэмрэ и гулъытэмрэ я мыхьэнэр», - кІыкІигъащхьэжьКІащ Оксанэ.

Депутатхэр апхуэдэу тепсэлъыхьащ «КъБР-м и щІыху щхьэхуэхэм къэрал социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыным и Іуэхущ-ІапІэ» КБР-м и Законыр гъэзэщІа зэрыхъэм. Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Голочалов Николай кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ а Законым кьызэщІиубыдэ щІыхэхэм къэралыр зэрадзэпкъыу щыкІэм.

ЕджапІэ Іуэхущ-ІапІэхэм я егъэджакІуэхэу кьуажэ щыпІэм щыгъэхуэм икІи щынэжьахэм я унэхэр зэрагъэпІым, зэрагъэнэхуэм трагъэкІуадэр мазэ кьэс ахъшэкІэ хуапшынэж. Апхуэдэ Іуэхутхьэбзэхэр хуащІэ республикэм щыпсэу нэгъуэщІ щІыхь щхьэхуэхэм, лэжьыгъэм и ветеранхэм, тылым щылэжьахэм, политикэ залымыгъэ зыкІэпІызэрахьахэм. 2012 гъэм мазэкьыкьыхьм и 1-м ирихьэлІэу гъатхэпэ мазэм пэкІуэ компенсацэр кьанэ щыныкІэу ираташ.

Комитетым хэтхэм яубыдыкъуэ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ министерствэм хуэгъэза чэнджащэр. Псалъэм и хьэтырКІэ, министерствэм хуагъэлъэгъуащ щыхь щхьэхуэхэм яхуэфащэ къэрал дэІэпыкъуныгъэхэр зыхуэдэм республикэм щыпсэухэр щыгъуазэ щыныкІэу Іуэхущ-ІапІэхэм я лэжьыгъэр игъэлъэщыну, зэрагъэнэхуэм трагъэкІуадэм мазэ кьэс ахъшэкІэ хуапшынэж. Апхуэдэ Іуэхутхьэбзэхэр хуащІэ республикэм щыпсэу нэгъуэщІ щыхь щхьэхуэхэм, лэжьыгъэм и ветеранхэм, тылым щылэжьахэм, политикэ залымыгъэ зыкІэпІызэрахьахэм. 2012 гъэм мазэкьыкьыхьм и 1-м ирихьэлІэу гъатхэпэ мазэм пэкІуэ компенсацэр кьанэ щыныкІэу ираташ.

Комитетым хэтхэм яубыдыкъуэ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ министерствэм хуэгъэза чэнджащэр. Псалъэм и хьэтырКІэ, министерствэм хуагъэлъэгъуащ щыхь щхьэхуэхэм яхуэфащэ къэрал дэІэпыкъуныгъэхэр зыхуэдэм республикэм щыпсэухэр щыгъуазэ щыныкІэу Іуэхущ-ІапІэхэм я лэжьыгъэр игъэлъэщыну, зэрыщыгъ къэралым я экономикэр гъэбыдэным икІи зегъэужьыным хуэгъэзауэ зэрыщытынур.

Ди гуапэщ абы езыми и унагъуэми узыншагъэ бдзэ, еф1эКІуэныгъэ, мамырыгъэ яІэну!

КъБР-м 2012 гъэм и япэ мазищым зэрызиужьар

**Республикэм Экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм кьипщытэжащ КъБР-м 2012 гъэм и япэ мазищым кьыхуэдэкІуахэр. Министерствэм и макроэкономикэ къудамэм и Іэщ1агъэ1-эксперт нэхъыщхьэ Кьер Залинэ кьызэрыджИамкІэ, 2012 гъэм и япэ кварталым республикэм езым кьыщІигъэкІа товару ищащ, «хьугъуэфІыгъуэхэр кьыщІэхьныр», «сырьем елэжьныр», «электрокъарур, газыр, псыр зыщІэныжьныр зегъуэнымрэ» Іэнатіэхэм хиубыдэу лэжьыгъэу зэфІигъэкІащ сом мелуан 10,254,8-рэ и уасэ, 2011 гъэм и япэ кварталым елытауэ промышленностым кьыщІигъэкІыр процентти 135,2-м нэсащ.

ЩІЫМ кьыщІах хьугъуэфІыгъуэу сом мелуани 6 и уасэ щэхуакІуэхэм хурагъэщащ, ар 2011 гъэм и апхуэдэ льэхъэнэм елытауэ процентти 107,6-рэ мэхьу.

Сырьем елэжь Іэнатіэхэм сом мелуан 8.072,2-рэ и уасэ продукцэ е 2011 гъэм и япэ кварталым елытауэ процентти 142,9-рэ ящащ.

Электрокъаруу, газу, псыуэ сом мелуан 2.176,6-рэ и уасэ кьалэжьри трагуэшащ (2011 гъэм и япэ кварталым елытауэ процентти 100,6-рэ).

Республикэм и мэкъумэш Іэнатіэм пыщІа псомиз мы зэманым зекІуэ уасэхэм ятещІыхьауэ мэкъумэшхэкІыу сом мелуан 3.501,9-рэ е 2011 гъэм и япэ кварталым елытауэ процентти 123,7-рэ кьаІэрыхьащ.

Гъатхэр кІасэу кьызэрыкІуам кьыхэкІыу республикэм и мэкъумэш Іуэхущ-ІапІэхэм гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр нэхъ гуваэр ирагъэжьащ. Абыхэм 2012 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м ирихьэлІэу гъатхасэ кьэкІыгъэхэр гектар мини 159-м тращащ.

Хозяйствэ лІэужьыгъуэ псомиз 2012 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м ирихьэлІэу быдыму мин 276,1-рэ (блэкІа илъэсым и апхуэдэ зэманым елытауэ процент 13,3-кІэ нэхьыбэ), абыхэм ящыщу жэму мини 135,8-рэ (процент 20,4-кІэ нэхьыбэ), кьхуэуэ мин 54,5-рэ, мэлрэ бжэну мин 379,1-рэ яІащ.

КьыззрабжамкІэ, хозяйствэ лІэужьыгъуэ псомиз Іэщым, джэдкьэзым я лыуэ тонн мин 16,6-рэ (процентти 132,2-рэ), гъэлІу тонн мин 79,5-рэ (процентти 118-рэ), джэдкьІэу мелуан 35-рэ (процентти 105,6-рэ) кьалэжьащ.

«Ухуэнгъэ» Іыхьэм хиубыдэу лэжьыгъэу сом мелуан 855,4-рэ и уасэ е 2011 гъэм и япэ кварталым елытауэ процентти 133,1-рэ ирагъэкІуэжащ.

Организацэ псомиз фэтэр 259-рэ яухуащ. Хьэзыр ящІа псэуфІэхэр метр зэфІигъэнатІэ мини 32,7-рэ (процентти 101-рэ) мэхьу. Кьуажэхэм щаухуа уэнэхэр псори зэхэту метр зэбгъуэнатІэ мини 10,3-рэ мэхьу е 2011 гъэм и япэ кварталым елытауэ процент 17,1-кІэ нэхьыбэщ.

2012 гъэм и япэ кварталым розницэ сатум ерыскьыпхьэрэ хьэпшыпу сом мелуан 16.840,7-рэ и уасэ щащащ, товаркІэ кьэпщтэмэ, ар 2011 гъэм и япэ мазищым елытауэ процентти 7,4-кІэ нэхьыбэщ. Розницэ сатум, япэхэмк хуэдэу ерыскьыпхьэхэм елытауэ (процент 47,7-рэ) хьэпшып зэмылІэужьыгъуэхэр нэхьыбэу щащэ (процент 52,3-рэ). Ерыскьы зэмылІэужьыгъуэу, абыхэм фадэхэкІхэмрэ тутыныкъуэ хэту, мазищым сом мелуан 8.017,3-рэ и уасэ (процентти 109,2-рэ), хьэпшыпу сом мелуан 8.823,4-рэ и уасэ (процентти 105,8-рэ) иращащ.

ПщІэкІэ щІыхуэм 2012 гъэм и япэ кварталым Іуэхутхьэбзэу сом мелуан 4.222,2-рэ и уасэ е гъэ кІуам и апхуэдэ зэманым елытауэ процентти 106,6-рэ хуащащ.

КьыззрабжамкІэ, 2012 гъэм и япэ кварталым лэжьапщІэр ику иту сом 14.700-рэ хьууэ щытащ.

КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.

Тэрч районым гъатхасэ пасэр къызыхуэтыншэу щызэфІагъэкІащ. Иджыпсту хьэсэхэм уэру кьытеуваУэ тетщ хьэпщІийр, горох щхьэантІэр, зэпгъэхьыр.

КУЕЙ администрацэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Уэдыхь Тимур къызэрыджИамкІэ, Тэрч районым хуэдэ тафэтес щІыпІэхэмкІэ гъатхасэр пасэу зэфІэгъэкІыным мыхьэнэ ин иІэщ икІи аращ зэлъытыжар гъэм кьрахьэлІэну гъавэм игъуэтыну бэвагъэмрэ фІагъэмрэ. Абы кьызэрыкІгъэщымкІэ, мы зэманым ирихьэлІэу щЫм иБыгъ псы Іагъэр процент 55-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ. Кьимыдэжьэ сэбэпынагъэшхуэ кьахьауэ пхуэжьІэнукъым дунеим и щытыкІэм зэуэ зэрызизхъуэжамрэ щІэх-щІэхыурэ кьыкъуэу жьапщэхуэмрэ.

Мэкъумэш Іэнатіэхэр иджыпсту нартыхум и хэсэнмэ йоужьэрэзкІ. ЖылапхъэфІэхэр зыІэрагъэхьащ, дагъэгъэсыныпхъэхэмкІи тхьэусыхафэ яІэкъым. ЩІыпІэщІыпІэхэм тегуэшауэ губгъуэ лэжьыгъэхэр мэкъумэш техникэу 55-м кьрахьэлІэ.

Мы зэманым уафэщІхэр нэхъ зытегуэвыхь Іуэхугъуэхэм ящыщу щІыр бэджэнду кьэзыщта куэдым кьатехуэ уасэр зэрамытыр. А Іэхэмкіэ щытыкІэр щыпсэхъыфІщ Новэ Балкария, Новэ Хьэмидей, Терекскэ жылагъуэхэм. Ауэ щыхъуэкІэ мы щІыпІэхэм щЫм и зэхэльыкІэмрэ дунеим и щытыкІэмрэ щыпэхъыфІу щытткъым. АрщхьэкІэ абы емылъытауэ, бэджэндырылажьэхэр Іуэхум тэмэму зэрыбГъэдыхьэным хущІокъу. Мыбдежым кьуажэдэсхэм кьагурыІуэркъым мы гъэм зыхуей хуэзэу зезымыхьэф икІи щЫм и уасэр зымытхэм я гъавэ щІапІэхэр аукцион мардэхэм тету нэгъуэщІ щІыпІэ кьикІаХэм хуагъэкІуэтэнкІэ зэрыхьунур. Абы кьрикІуэнур къэпльытэмэ, ящыныкъуэ жылагъуэдэсхэр щІыншэ хъунри хэльщ. Абы кьыхэкІыу иджыпсту район, жылагъуэ администрацэхэм я Іэщ1агъэмкІэр гъаныэгъэкІэхэм йопсэльыІэ, Іуэхум и щытыкІэм щыгъуазэ ящІ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Тэрч куэй

Зытегуэвыхьи щыІэщ

КУЕЙ администрацэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Уэдыхь Тимур къызэрыджИамкІэ, Тэрч районым хуэдэ тафэтес щІыпІэхэмкІэ гъатхасэр пасэу зэфІэгъэкІыным мыхьэнэ ин иІэщ икІи аращ зэлъытыжар гъэм кьрахьэлІэну гъавэм игъуэтыну бэвагъэмрэ фІагъэмрэ. Абы кьызэрыкІгъэщымкІэ, мы зэманым ирихьэлІэу щЫм иБыгъ псы Іагъэр процент 55-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ. Кьимыдэжьэ сэбэпынагъэшхуэ кьахьауэ пхуэжьІэнукъым дунеим и щытыкІэм зэуэ зэрызизхъуэжамрэ щІэх-щІэхыурэ кьыкъуэу жьапщэхуэмрэ.

Мэкъумэш Іэнатіэхэр иджыпсту нартыхум и хэсэнмэ йоужьэрэзкІ. ЖылапхъэфІэхэр зыІэрагъэхьащ, дагъэгъэсыныпхъэхэмкІи тхьэусыхафэ яІэкъым. ЩІыпІэщІыпІэхэм тегуэшауэ губгъуэ лэжьыгъэхэр мэкъумэш техникэу 55-м кьрахьэлІэ.

Мы зэманым уафэщІхэр нэхъ зытегуэвыхь Іуэхугъуэхэм ящыщу щІыр бэджэнду кьэзыщта куэдым кьатехуэ уасэр зэрамытыр. А Іэхэмкіэ щытыкІэр щыпсэхъыфІщ Новэ Балкария, Новэ Хьэмидей, Терекскэ жылагъуэхэм. Ауэ щыхъуэкІэ мы щІыпІэхэм щЫм и зэхэльыкІэмрэ дунеим и щытыкІэмрэ щыпэхъыфІу щытткъым. АрщхьэкІэ абы емылъытауэ, бэджэндырылажьэхэр Іуэхум тэмэму зэрыбГъэдыхьэным хущІокъу. Мыбдежым кьуажэдэсхэм кьагурыІуэркъым мы гъэм зыхуей хуэзэу зезымыхьэф икІи щЫм и уасэр зымытхэм я гъавэ щІапІэхэр аукцион мардэхэм тету нэгъуэщІ щІыпІэ кьикІаХэм хуагъэкІуэтэнкІэ зэрыхьунур. Абы кьрикІуэнур къэпльытэмэ, ящыныкъуэ жылагъуэдэсхэр щІыншэ хъунри хэльщ. Абы кьыхэкІыу иджыпсту район, жылагъуэ администрацэхэм я Іэщ1агъэмкІэр гъаныэгъэкІэхэм йопсэльыІэ, Іуэхум и щытыкІэм щыгъуазэ ящІ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

«2012 гъэм, 2013, 2014 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «2012 гъэм, 2013, 2014 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм чэнджащэтын 2012 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыпсэхащІэкІэ:

1) транспортымкІэ налогыу, дыдэхэзыхъурейхь дунейм зэранигъэ зэрыратым щІат уасэу, кьинэмыщІ налогыу, ахъшэу кьыхэкІынур щІэрыщІэу кьибжьыну;

2) 2012 - 2017 гъэхэм ятещІыхьа «Псы кьабзэ» республикэ программэр гъэзэщІэным трагъэкІуэдэн папщІэ сом мелуан 90,0 хуэдизу;

3) пхьэнкІийхэр щыгъэхадз заводыр 2012 гъэм щІын яухьн папщІэ яхуримыкъуу ахъшэр хуэхьну;

4) 2012 - 2015 гъэхэм ятещІыхьа «ЩІыуэпсым, техникэр кьэгъэсэбэныным пыщІа щынагъуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэмэщІэнымрэ кьызэрымыкІуэ щытыкІэхэм я зэхуэхьэ гъэзэкІуэжьыныр» республикэ программэ хэхар гъэзэщІэным трагъэкІуэдэн папщІэ сом мелуан 12,0 хуэдизну.

3.Мы Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж егъэхьын Іэ щІндзын икІи щыхуэхэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

4. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1ым и япэ кьуэдзэ

ЖАНЫМ Руслан

Налшык къалэ
2012 гъэм мэлыжьхьыхьм и 26-м
№1110-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэрри хеубыдэ

КъБР-м спортымкІэ, туризмымрэ курортэмкІэ и министрым и къуэдзэ Улаков Юсупрэ министерствэм, курортэмрэ туризмымрэ зегъэужьыныжьмкІэ и департаментым и къудамэм и унафэщІ Отаров Махъти́рэ хэтщ Нартсанэ къэлэм щІегъэкІуащ, «ЩІыхум зегъэужьыныжьмкІэ и инвестицэхэр кьыхуэзэщІэгъэуІуэн» ІХ дунейпсо зэхуэсым. Ар ТуризмымкІэ федеральнэ агентствэмрэ УФ-м Спортымкіэ, туризмымрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и министерствэмрэ я дэІэпыкъуныгъэкІэ кьызэригъэпэщащ Ставрополь крайм Экономикэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм.

ЗэІущІэм хиубыдэу зэрытримым и Іэнатіэм щызэдэлэжьэныжьмкІэ я мурадхэм теухуа зэгурыІуэныгъэм Іэ щІадзащ Кавказ Ищхьэрэ, Ищщ федеральнэ округхэм я лІыкІуэхэм. ЗэгурыІуэныгъэм хеубыдэ Къэбэрдей-Балъкъэрри.

Республикэм и лІыкІуэхэр апхуэдэу жыджэру хэтащ «ЩІыхум зегъэужьыныжьмкІэ и инвестицэхэр кьыхуэзэщІэгъэуІуэн. ЩІынагъэхэм я сценариерэ зыужьныгъэмкІэ кьалэнэкъэ» пленар зэІущІэмкІ.

Зэхьыхьэм хиубыдэу щІэныгъэ конференцэхэр ирагъэкІуэкІащ, гъэлъэгъуэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьызэрагъэпэщащ.

ГЪЭУНЭ Светланэ,
КъБР-м Спортымкіэ, курортэмрэ туризмымкіэ и министерствэм и пресс-лъхуащІэм и лэжьакІуэ.

● КъБР-м и Парламентым

Дэтхэнэ сабийри анэ лъагъуныгъэ хуейщ

КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкіэ, псэуныгъэ политикэмкіэ, узыншагъэр хъумэнымкіэ и комитетым зи чэзу зэІущІэр «Прохладнэ сабий унэ-интернатым» щригъэкІуэкІащ.

ІУЭХУЩІАПІЭМ и унафэщІ Серэдко Оксанэ депутатхэр щыгъуазэ ищІащ аэр зыІуэ гугъуехьхэр зыхуэдэм. Мы зэманым интернатым сабии 106-рэ щаІыгъщи, а псоминыкъуэдыкъуагъэкІэ пенсэ кърат. Урысейм и Федральнэ налог Іэнатіэм КъБР-м щиІэ къудамэм и нэІэ Іуэхущ-ІапІэм кьытрегъэт икІи зэрыкуэдІэкІэ зыкьыщІегъакъуэ. Апхуэдэу кьадоІэпкъуэ языныкъуэхэм деж зи цІэхэр хэІуцІыІу зыщІыну хуэмей цІыху щхьэхуэхэри. Серэдко Оксанэ а псомиф ІыщІэ яхуещІ, арэзыгъэ ар яхурикъуэкым сабийхэр тэмэму ерыскъырэ щыгъынкІэ кьызэрагъэпэщын папщІэ. Интернатым и унэр зэпэщыжкэн хуейщ, и унашъхэр кхъахэ хъуащ, Іуэхущ-ІапІэм и пщІанТІэри теплъаджэщ.

Сабий сымаджхэм махуэ кьэс яхэт, абыхэм гулъытэ яхуэзыщІ лэжьакІуэхэм ику иту я улахуэр зэрыхъэр сом мини 6,5-рэщ.

Дохутырхэр интернатым зэрыщылажьэр улахуэ ныкъуэкІэщ, медицинэ Іуэхущ-ІапІэхэм я лэжьакІуэхэм яІэ льготэхэм хуэдэ социальнэ Іуэхущ-ІапІэхэм я лэжьакІуэхэм зэрамыІэм кьыхэкІыу.

Серэдко депутатхэм, Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ министерствэм и лІыкІуэхэм елъэІуащ интернатым щаІыгъ сабийхэр зэпымыууэ зыхуэныкъуэ медицинэ Іэмэпсымэхэр кьызэращІухуну ахъшэр нэхъыбэ яІэщІыну.

Іуэхущ-ІапІэм зэпымычу кьелъыхъуэ сабийхэр бын зыщІыну хьэзыр щІыхэр. Нэгъабэ бынымкІэ яІэ хуитныгъэр иратажащ анищым. «Адэ-анэхэм трахауэ щыта хуитныгъэхэр иратыкьнри, сабийр и анэм хуэгъэзанри япэ лъабжьуэ кьудейщ. Ауэ адэ-анэхэм я быныр къамыщтэжми, зэральэгъуэ кьудейм сабийхэм я гукъыдэжьр хэпщыкІыу кьеІэт, я узыншагъэр иргъэфІакІуэ. Дэ кьыдгуроІуэр анэм и лъагъуныгъэмрэ и гулъытэмрэ я мыхьэнэр», - кІыкІигъащхьэжьКІащ Оксанэ.

Депутатхэр апхуэдэу тепсэлъыхьащ «КъБР-м и щІыху щхьэхуэхэм къэрал социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыным и Іуэхущ-ІапІэ» КБР-м и Законыр гъэзэщІа зэрыхъэм. Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Голочалов Николай кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ а Законым кьызэщІиубыдэ щІыхэхэм къэралыр зэрадзэпкъыу щыкІэм.

ЕджапІэ Іуэхущ-ІапІэхэм я егъэджакІуэхэу кьуажэ щыпІэм щыгъэхуэм икІи щынэжьахэм я унэхэр зэрагъэпІым, зэрагъэнэхуэм трагъэкІуадэр мазэ кьэс ахъшэкІэ хуапшынэж. Апхуэдэ Іуэхутхьэбзэхэр хуащІэ республикэм щыпсэу нэгъуэщІ щІыхь щхьэхуэхэм, лэжьыгъэм и ветеранхэм, тылым щылэжьахэм, политикэ залымыгъэ зыкІэпІызэрахьахэм. 2012 гъэм мазэкьыкьыхьм и 1-м ирихьэлІэу гъатхэпэ мазэм пэкІуэ компенсацэр кьанэ щыныкІэу ираташ.

Комитетым хэтхэм яубыдыкъуэ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ министерствэм хуэгъэза чэнджащэр. Псалъэм и хьэтырКІэ, министерствэм хуагъэлъэгъуащ щыхь щхьэхуэхэм яхуэфащэ къэрал дэІэпыкъуныгъэхэр зыхуэдэм республикэм щыпсэухэр щыгъуазэ щыныкІэу Іуэхущ-ІапІэхэм я лэжьыгъэр игъэлъэщыну, зэрагъэнэхуэм трагъэкІуадэм мазэ кьэс ахъшэкІэ хуапшынэж. Апхуэдэ Іуэхутхьэбзэхэр хуащІэ республикэм щыпсэу нэгъуэщІ щІыхь щхьэхуэхэм, лэжьыгъэм и ветеранхэм, тылым щылэжьахэм, политикэ залымыгъэ зыкІэпІызэрахьахэм. 2012 гъэм мазэкьыкьыхьм и 1-м ирихьэлІэу гъатхэпэ мазэм пэкІуэ компенсацэр кьанэ щыныкІэу ираташ.

Комитетым хэтхэм яубыдыкъуэ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ министерствэм хуэгъэза чэнджащэр. Псалъэм и хьэтырКІэ, министерствэм хуагъэлъэгъуащ щыхь щхьэхуэхэм яхуэфащэ къэрал дэІэпыкъуныгъэхэр зыхуэдэм республикэм щыпсэухэр щыгъуазэ щыныкІэу Іуэхущ-ІапІэхэм я лэжьыгъэр игъэлъэщыну, зэрыщыгъ къэралым я экономикэр гъэбыдэным икІи зегъэужьыным хуэгъэзауэ зэрыщытынур.

Ди гуапэщ абы езыми и унагъуэми узыншагъэ бдзэ, еф1эКІуэныгъэ, мамырыгъэ яІэну!

УРЫСМАМБЭТ Баллэ.

Ливанми щыщІидзэрэ?

Триполи (Бейрут илъэс 100-м ирихьэлІэу) щыІэ дзэр къкъэщІэкІыу. Ливаныр и дзэзешхэм я къалэм йыхьэу зауІлІэмрэ бронетехникэмрэ яГъэкІуащ, вэсэмахуэ щыщыхьащхьэм ислъам партым щыщхэм. Нэр тэмкъ щхьыщхьэр ямыбыдэ щытыкІэр абы аргуэру кьыщыззэІыхьа нэхъ. Утым щыгъэхуэса щІалэгъуалэр хуэхъэзырыр дзэм зэрзэуэнум. Атэгъэм властым наубыдыкьым партым щыщу, террористхэм ящІауэ гурыщхьэу зыхуащІу ягъэтІысахэр кьаутІыщыжьыну. Апхуэдэхэм ящыщщ хабзэм къемыдзэгъыу Сирием Іащхьэу зыщІэу ящыбыдэ Щади аль-МУлаин.

Я диным елытаКІэр кьалэр хьэбдо-хьэбдэуэр зэрыгъэгуэша хьуащ. Суннитхэмэ алаваитхэмрэ я хьэбдэхэр зэпэщІэзыгъэкІуэт блокпостым и деж зэхуэсу гуащІэхэр щокІуэкІ. Абы игъэгужьеи щІыхухэм кьалэрябгынэ. Сымаджещхэм уІэгъэгу ирашэлІащ щІыху 76-рэ, сабийхэри щыхубзхэри яхэту. ЩІыхуи 8 хэкІуэдащ, зыр зауэлІу аращ. Кьаугъэм къэралыр псор зэщІищтэнкІэ щынагъэщхуэ щыІэщ.

Алыджым егъэгузавэ

Евро ахъшэр щыщкІэкІуэ къэралхэм финансхэмкІэ я министрхэр зэІущІа нэхъ. ЕвроГуным и унафэщІ Жан-Клод Юнкер журналистхэм зэраджриІамкІэ, ар зи Іуэщхьэ зэгурыкІныгъэм мурад быдэ ищІащ Алыджыр евро зонэм кьыхэнэ хуейу.

- Зэи къэмыхьуауэ Алыджыр ноб егъэлеяу хуэныкъуэщ зэхъуэкІныгъэхэм. Дэ зи гугъу щІыпІэ абы и бюджетыр ткІийуэ зэригъэзащІэм тІасхьаПІэ гуэр хэтхьэнракьым, - жеІэ Жан-Клод Юнкер.

Еврогупыр щогугъ зэрыхьукІэ нэхъ псынщІэу Алыджым и правительствэр кьызэрагъэпэщу, абы финансэ Іуэхухэм халхьэ зэхъуэкІныгъэхэм пащэнщ парламентым щыпхигъэкІыфыным. Араш дэІэпыкъуэу хуаутІыщын хуейуэ яубыдыхуауэ щыта евро меларди 5,2-м щыщу (ар етІуанэу хухаха Іыхьэм и закъуэ) евро меларди 4,2-р иджыблагъэ Алыджым щыІэрагъэхьари. Кьэна евро зы меларди абы аутІыщыжыну мэкъуауэгъэм и япэ махуэхэм.

АрщхьэкІэ Алыджым и Правительствэр кьызэрэпэщІыным теухуа зэпсалъэныгъэхэр накъыгъэм и 6-м щыщІэдзауэ (парламентым зэрыхахрэ) йокІуэкІри, депутатхэр зэгурыІуэным и нэщэнэ лъэпкъ зэкІэ щыІэкъым.

Мыарзэхэм я пэкІуэхэр

Дыгъуасэ пщэдджыжьым Испанием и полицэм аргуэру зэбгрихуащ Пуэрта дель Соль утыкум пэкІу щызыгъэкІуэкІэхэр.

Ар мыарзэхэм» я зэщІэхъеемыгъэм иджыри «накьыгъэм и 15-м и щэІэ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

«Щ1алэгъуалэ правительствэм и Іэухукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м къыдигъэкІа Указ №85-УП-м, а Указымкіэ къащта положенэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Указ

1. «Щ1алэгъуалэ правительствэм и Іэухукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м къыдигъэкІа Указ №85-УП-м, а Указымкіэ къащта положенэхэм мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Указым:

псалъащхьэми здэщыІэкІыу тхыгъэми «правительство» псалъэм ипэ къихуэу зыхуэфащэ падежхэм иту «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и» жиІэу дащІыгъужьи;

пункт 2-м и еплІанэ абзацым къару имыІэжу къальытэн;

б) Щ1алэгъуалэ правительствэм техуэуа Положенэм:

псалъащхьэм дэщІыгъужьи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и» жиІэу;

здэщыІэкІыу тхыгъэм хэт «Президент» псалъэр зыхуэфащэ падежхэм иту «Іэтащхьэ» псалъэмкІэ зэхъуэкІын;

пункт 1.1-м и япэ абзацым хэт «правительство» псалъэр зэхъуэкІын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1алэгъуалэ правительства (адэкІэ - Щ1алэгъуалэ правительство)» псалъэхэмкІэ;

пункт 3.1-м и япэ абзацыр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын:

«3.1. Щ1алэгъуалэ правительствэр конкурскІэ къызэрагъэпэщ зи ныбжьыр илъэс 27-м ф1эмыкІа (конкурсым хэтын папщІэ документхэр щата махуэм ирихьэлІэу), Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу, студенту, аспиранту щыт е профессиональнэ курыт е джаІэ, профессиональнэ ешІэ, образованиер зыхуэгъэгъуэтыр, мы къыкІэлъыкІэ мурадхэр зыхуэзыгъэувыжхэм ящыщу:»;

пункт 3.4-м и япэ абзацым хэт «, абыхъэм ящыщу япэр, правительствэм хэтхэр» псалъэхэр зэхъуэкІын «министрхэри» жиІэу;

пункт 3.8-м и еплІанэ абзацым къару имыІэжу къальытэн;

пункт 4.4-м хэт «япэ къуэдзэм» псалъэхэр зэхъуэкІын «къуэдзэхэм ящыщ зым» жиІэу;

пункт 4.18-м хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и властым и гъэзэщІакІуэ органхэмрэ» псалъэхэр зэхъуэкІын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и властым и гъэзэщІакІуэ органхэмрэ щІыпІэ унафэр зезыГъакІуэ органхэмрэ» жиІэу;

пункт 4.23-м хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм зэфІегъэкІ» псалъэхэр зэхъуэкІын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щ1алэгъуалэм я Іуэхущхьэмрэ и министерствэмрэ зэфІагъэкІ» жиІэу;

в) Щ1алэгъуалэ правительствэр къызэгъэпэщыныкІэ конкурсым техуэуа Положенэм:

псалъащхьэм дэщІыгъужьи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм» жиІэу;

тхыгъэм здэщыІэкІыу зыхуэфащэ падежхэм иту хэт «Президент» псалъэр зэхъуэкІын зыхуэфащэ падежхэм ит «Іэтащхьэ» псалъэмкІэ;

пункт 1.1-м дэщІыгъужьи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм (адэкІэм - Щ1алэгъуалэ правительствщ)» жиІэу;

пункт 1.3-м абзац дэщІыгъужьи мы къыкІэлъыкІэм хуэдэу ягу:

«Конкурс комиссэм и лэжьыгъэм а комиссэм и унафэщІым и унафэкІэ а зэманым лажьэ Щ1алэгъуалэ правительствэм и унафэщІым хыхъашэ хъунущ, ар ешІэр конкурсым хэмыт нэужьым.»;

Пункт 1.4-м дэщІыгъужьи «, ауэ зы пІалъэ нэхъ мынэхъыбэкІэ» псалъэхэр.

2. Къару имыІэжу къэлъытэн «Щ1алэгъуалэ правительствэм и зэхэлъыкІэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Указ №85-УП-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іэухукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м къыдигъэкІа Указ №97-УП-м.

3. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм мэлыжьхыым и 20-м
№66-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1алэгъуалэ правительствэм и зэхэлъыкІэм и Іэухукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

2012 гъэм мэлыжьхыым и 20-м №28-РГ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1алэгъуалэ правительствэм и зэхэлъыкІэр къэщтэн мы Унафэм и гуэдзным зэритым хуэдэу.

2. Мы Унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэзэда махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм мэлыжьхыым и 20-м мэлыжьхыым и Унафэ №28-РГ-мкІэ къыщтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1алэгъуалэ правительствэм и зэхэлъыкІэм и Іэухукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

2012 гъэм мэлыжьхыым и 20-м №29-РГ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1алэгъуалэ правительствэр къызэгъэпэщыныкІэ конкурс комиссэм хэтхэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къару имыІэжу къэлъытэн:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м къыдигъэкІа Указ №52-РП-м;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм мэлыжьхыым и 10-м къыдигъэкІа Унафэ №42-РП-м;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм фокІадэм и 16-м къыдигъэкІа Унафэ №77-РП-м.

3. Мы Унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэзэда махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм мэлыжьхыым и 20-м къыдигъэкІа Унафэ №29-РГ-мкІэ къыщтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1алэгъуалэ правительствэм и зэхэлъыкІэм и Іэухукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1алэгъуалэ правительствэм и къызэгъэпэщыныкІэ конкурс комиссэм хэтхэр

УнафэщІыр
УнафэщІым и къуэдзэр
УнафэщІым и къуэдзэр
Къэрал мылъкумрэ щІы Іуэхухэмкіэ министрыр
Гъэзэгъ хозяйствэмкІэ министрыр
ПсэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІэ министрыр
Уэныщагъэр хъумэныкІэ министрыр
Щэнхабзэмкіэ министрыр
Мэз хозяйствэмкІэ министрыр
Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министрыр
Щ1алэгъуалэм я Іэухухэмкіэ министрыр
Жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я Іэухухэмкіэ министрыр
ЦІыхухэр лжьэлІэкІэ къызэгъэпэщыныкІэ министрыр
ЦІыхубз хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ министрыр
Тарифхэмрэ энергетикэмкІэ министрыр
ЩІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ министрыр
ПромышленностымкІэ, связьмрэ информатизацэмкІэ министрыр
Мэкъумэщ хозяйствэмкІэ министрыр
Спортымкіэ, туризмымрэ курортхэмкІэ министрыр
Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ министрыр
Транспортымкіэ министрыр
Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкІэ министрыр
Финансхэмкіэ министрыр
Экономикэ зыужьныныгъэмрэ сатумкІэ министрыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1алэгъуалэ правительствэм и къызэгъэпэщыныкІэ конкурс комиссэм хэтхэр

Жамборэ В. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ыр *(конкурс комиссэм и унафэщІыр)*

Уянаев К. Хь-М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унфэщ1ым и къуэдзэр *(конкурс комиссэм и унафэщІым и къуэдзэр)*

Василенко А. А. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуэу)*

Власов А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр - къэрал къулыкъум, кадрхэм, щІыпІэ унафэр зегъэкІуэным я Іуэхухэмкіэ управленэм и унафэщІыр

Жэрыкъуэ Б. Хь. - Урысей Федерацэм Мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и министерствэм и «КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэщ академие» профессиональнэ щІэныгъэ зэхъуэкІхьэ щ1ыгъэгъуэт федеральнэ къэрал ещ1ыгъэ и ректорыр *(зэгурыІуэу)*

Къэрэмырзэ Б. С. - «Бэрбэч Хь.М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ зэхъуэкІхьэ щ1ыгъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет ещ1ыгъэ и ректорыр *(зэгурыІуэу)*.

Къуэшырокъуэ З. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ым и ягъэзэнкІэ зыгъэзащІэр *(зэгурыІуэу)*

Мусуков А. ТІ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьныныгъэмрэ сатумкІэ и министрыр

Темиржанов М. О. - Шэрэдж муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуэу)*

Хъыжьокъуэ С. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрыр *(конкурс комиссэм и секретарщ)*

Хъэкъул М. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ым и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Аппаратым и унафэщІыр

Щ1ьхьэгъэпсо С. Хь.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрыр

Эфендиев Ф. С. - «ГъуэзджэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институт» профессиональнэ щІэныгъэ зэхъуэкІхьэ щ1ыгъэгъуэт федеральнэ къэрал ещ1ыгъэ и проректорыр *(зэгурыІуэу)*.

Щ1ыгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и зэІуцІэ Мейкъуапэ щекІуэкІащ. Бысымэм хъэщІэхэр ирагъэжьэж. *2000 гъэ*

Гугъуехьхэм я лъабжьэр

(КІэухыр. Пэщ1эдзэр 1-нэ нап.).

Нужьрей илъэсхэм кІыуфыбыдэу гулъытэшхуэ хуащІащ ещ1ащІэхэр зыхуэйзыхуэфІкІэ къызэгъэпэщыныкІэ. Псалъэм папщІэ, мафІэс къэмыгъэхьныкІэ Іэмэпсымэхэр щагъэуващ курыт ещ1ащІэу 258-м. Ар школ псоми я процент 96-рэ мэхъу. Ящ1ы ахэр къызэрагъэпэщ щ1ыпІэгъэщІапІэр зэтеубгъэным телажьэ видеоІэмэпсымэхэмкІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и курыт ещ1ащІэхэм ещ1ащІэу тІысыпІэу яІэм и бжыгъэм 2006 гъэм щ1ыщІэдзауэ хащІэхъуащ минн 6 хуэдизкІэ. Абы щ1ыщу 3040-р къыщ1эрагъэпэщыр нэгъабзщ. Ар хуэдэ щ1ыкІэкІэ нэхъыбэ хъуащ ещ1ащІэхэм я бжыгъэр.

Урысей Федерацэм и бюджетым къыгъэпщІащ ещ1ащІэгъэмкІэ министрым къызэрагъэпэщыныгъэмкІэ, псэупІэ хуэныкьуэ щ1ыпІэ зыужьныгъэмрэ щІэныгъэмрэ хиІхьэ мылъкумрэ зегъэту толажьэ Іэнатіэр зыхуэныкьуэ псомкІи къызэпэщыныгъэ. Псалъэм папщІэ, 2010 - 2011 гъэхэм курыт ещ1ащІэхэм къызхуащхуэ сабийхэм папщІэ автобуси 6, медицинэм и Іэмэпсымэщ1э 177-м теІыдащ1эщ сом мелуани 8,6-рэ, ещ1ащІэхэм Іэрагъэхьащ сом мелуан 63-м щІигъу и уасэ компьютер 2355-рэ, зэгъэзэщІэхэр. Егъэджэныгъэмрэ ещ1ащІэхэмрэ ИнтернеткІэ къызэгъэпэщыныгъэ 2010 гъэм сом мелуан 11,6-рэ, мы гъэм сом мелуан 12,4-рэ трагъэкІуэдащ. А псом и фІыгъэкІэ, КъБР-м и ещ1ащІэхэм щ1ыщу процент 64-р иджырей мардэхэм тету ирагъэджэф.

Министр Щ1ьхьэгъэпсо Сэфарбий къыгъэлъэгъащ зыпэрыт Іэнатіэм щ1ыпІэ зэрагъэхьа нэгъуэщІ екъуІэныгъэ куэд, арщхьэкІэ республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен арэзы къыщІакъым абы жиІам.

Правительствэм и Унафэщ1 Гертер Иван гу льитащ ещ1ащІэщІэхэм я нобэрей щ1ыпІэр, мардэхэм кІымытІасэж ещ1ащІэхэм я тепІэр зыхуэдэр слайдэмкІэ къыгъэлъэгъуэну министрым Іэмал зэриІам, ауэ ар абы къызэримыгъэсэбэпам.

Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ануар кІыхьиІэщащ ещ1ащІэмрэ щІэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ екъуІа программэ куэд республикэм зыщ1ыплажьэр, ауэ аэр ирикъуу гъэзэщІа хъуэу кІыпІытакІым. Ар и лъабжьэу, Чеченов Ануар Щ1ьхьэгъэпсо Сэфарбий уплІэ зыбжанэкІэ зыхуигъэзащ: Сыт хуэдиз сабий зеиншэ псэупІэ хуэныкьуэу республикэм щ1ыпсэур? Псыунэ къудейкІи къызэмыгъэпэщауэ КъБР-м иІэр школ дапщэ? Чеченов Ануар и упщІэхэм щ1ыщу аэр нэхъ тыншэрат.

Абыхъэм жэуап щ1аритым, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министрым къызэрагъэпэщ1ауэ, псэупІэ хуэныкьуэ сабий зеиншэу республикэм щопсэу 884-рэ. КъБР-м и ещ1ащІэ 287-м щ1ыщу 110-м хуэдизым псыунэ щІэтхъым. Ещ1ащІэ 38-м щеджэр апхуэдизкІэ щ1ыхьмащ1эщи, иригъаджэ щ1ыхьбжьыгъэм тещ1ыхьауэ егъэджакІуэхэм улахуэ хуагъэзыВыну Іэмал яГъуэтыркъым

КъБР-м и Іэтащхьэм гу льитащ егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министрыр Іуэхухэм хэІэтыкІауэ, нэхъыфІ ящ1ыгъэ. Ар и лъабжьэ

ЛОХВИЦКИЙ Михаил (Аджыкъу Джэрий)

Уафэгъуагъуэ макъ

148

Повестым щыщ пычыгъуэхэр

Лохвицкий Михаил и «Уафэгъуагъуэ макъ» повестыр адыгэхэм ди гъэлъапэ щыщу гупмыхухэр лъэхъэнэхэм ятеуухуащ. Тхыгъэм щыщ Іыхьэхэр ди газетым кьытедгъэзауэ щытащ нэхьапэуджкІэ. Газетеджэхэм фи лЪэУкІэ «Адыгэ псалЪэм» и нобэрей кьыдэжкІыгъуэм повестым и пэщІэдзэр идот, абы кьыкІэлъыплъэнущ тедмыдза адрей Іыхьэхэри.

Си адэшхуэ Лохвицкий Э. П. (Аджыкъу-Джэрий) и фэеплъ

«Цыхъу псори зы лъэпкьыу щытщ, иджы зэбгрыкІащ армыхъу…»

Къэралым и ней зыщыхуа сэ, Кайсаров Яков, щыІпІэ пхыдзам, Тунгуз псыщхъ, е тунгузхэр зэреджэмкІэ,Ангара, сыкъыщыщыхутами кьалэмыр кьэщтащ щхьэгъусэгъуэ зыбжанэ иІэщ. Сэ сагъэкъуэншащ дзэм сепцыжауэ, пащтых унагъуэм хуэмыфащэ есПэсауэ пцы кьыстральхъэрэ. Пэжыр жыгІэмэ, щхьэусы

Лъэпкъ щхьэхуитыныгъэм и джакIуэ



Шевченкэ Тарас
(1814-1861 гъэ.)

УКРАИНЭМ щынэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм ящыщщ абы и литературэм и классикыщ ялытэ Шевченкэ Тарас Ар Черкасск областым щыщ Звенигород куейм и Моринцы къуажэм 1814 гъэм и мазае мазэм кьыщалъхуащ. МэкъумэшыщIэ лIыщIэ унагъуэм кьыщалъхуа ящыгъуэм, ар Iэхъуэу Насрэн Жьакlэ Ирапхауэ кIэрыт къырыжь дакlэм, Бгъэжьыр еIуухукlэ и тхьэмщIыгъум, Къурш щхьэ тхъуахэр гыжкlэ зэщIэгъуагъуэу? Бгъэжьыр йоуIу, зэхиуIхьу дзажэр, Икъутэу и гур, ирихьфи и фэр, ГъащIэр зыIыгъ лъыр иримыфыфу. Ерыщ екIуауэ бгъажь жагъуэм пэщIэту, Гур мэдыхьэшх, кьеуэн хущимыгъэту: Хэкlынкъым си псэр, си щхьэхуитыныгъэрщ Къару уахътыншIэу сызэтезыIыгъэр. Нэпсейм хы лъащIэм щищIэфынкъым хьэсэ, Къиззуфынкъым уахътыншIэпсэ, Абы нэхъуейуэ, тщIифыкIыфми ди лъыр, Тхьэ, текIуэфынкъым Уи уахътыншIэ псалъэм. Ди фарэкъым Уэ дынодэуэну! Къыттемыхуэ Уи хьэкумыр тщIыну! Гугъапlэ мащIэр щIэтIыгъэну Къытхуэнэж закъуэри дыгъынырщ. Къытщодыхьэшхыр ауаныщIу щIыIуэпщIышэр, Нэпсрэ лъыкlэ щызэхэтщIэкlэ ди тхьэвыр, Пэжыр чэф хьэлъэу зэкlэ хэтщ жей Iувым, Ар сытым щыгъуэ къэушыну? Уэри, ди Тхьэшхуэ, уженну Сытым щыгъуэ ущыгъуэлъыжынур? Ди Тхьэшхуэм Уи зэфIэкlыр Ди фIэщ мэхъур - Къэушыжынущ пэжыр, Лъэпкъхэм я Iэхъулъэхъур Ирахыжынурэ, щхьэхунуту Бэуэжынущ. Хъуэхъухэр къыхуаIэту, УагъэфIэнущ Уэ игъащIэ псокlэ! Ауэ зэкlэ йожэхыр псыхэр... Яхэлъадэ лъыр зыдрахьэхыу!

Бгыхэм адэкlи бгыщ къыпызыщIэжыр, Пшэ фIыщIэр ятепхъуауэ, лъыр къапыжу. А къуршхэм ис бгырыс тхьэмыщкIэм Лъыуэ ящIэтыр къыщIафыкlыр, Къахуэнэжа щхьэхунтыныгъэр Къатрихыну ищIа гугъэм Хъунйм зэрыпхъуакIуэр ирегъэкlыр, И ужьым кьринжь лъыкIпскIыым Едгъэфэжам арат пащтыхьыр, И щыщIхуэхэр хэдгъэпскIыхьам Арат фызабэ гулъ нэпсхэм, Хъыджэбзэ зи шэгъуэм жэщкlэ уэру, Гъэпщкlуауэ къыфIежэх нэпс пщтырым. Ана гузаосэм и нэпс сыру Зэхэлъэдажхэурэ зы псыдзэу, Кlэншэу къежэхьм джабэ задэм. Зыхуэубыдыжкъым, уеблэм адэм, ЩIегъэж и нэпсыр гуэрыдзэу. Нэпсхэр зыхэлъэдаж тенджызым Толъкъункlэ гулъу ахэр езыр, КъызэщIигъапlэу гущIэгъуншагъэм Щхьэщытщ тенджызым мафIэ лыгъэр. Хуалэтыр хъуэхъу хьэзешэм, хьэм: Дзэзешэхэм щIыхь! ЩIыхь ди пащтыхьым! Фи Iэужьхэр къыфIщхъэщытыжщ пшэкIухьу! ЯугъащIэ мыл джанэм Зэщlнуlалъ кIырыжь щхьэ тхъуахэм! Щууей лIыхъужьхэм яугъащIэ! Кьнхъунэ Тхьэм абы ягъащIэр! Бийм фыщIэщIэтщи, захуэмвыту Тхьэшхуэм и Псалъэр фэрщ зыкъуэтыр! Щхьэхунтыныгъэ лъапlэныгъэм Къригъэблынщу нэхъри лIыгъэр! Уи чы-бжэгъу уэрщ, хьэлу тlэкlур КъэплъэIухуакъым хьулакlуэу.

Си ныбжьэгъу тиф Яков де Бальмен хуэотх

Хэт псы тlэкlу къытрикlэну си щхьэм,
Си нэм хэт трихыжыну пшагъуэр?
Махун жэщи гу узыр сфIопыхьэ,
Лажьэншэу яукIахэм яхуэщыгъуэу...
Бгыхэм адэкlи бгыхэщ къыщытыр,
Гулъ нэпс лъыкъуалэм ягъэщIытэу.
Лlэщыгъуэ дапщэ хуэдэ Насрэн Жьакlэ
Ирапхауэ кIэрыт къырыжь дакlэм,
Бгъэжьыр еIуухукlэ и тхьэмщIыгъум,
Къурш щхьэ тхъуахэр гыжкlэ зэщIэгъуагъуэу?
Бгъэжьыр йоуIу, зэхиуIхьу дзажэр,
Икъутэу и гур, ирихьфи и фэр,
ГъащIэр зыIыгъ лъыр иримыфыфу.
Ерыщ екIуауэ бгъажь жагъуэм пэщIэту,
Гур мэдыхьэшх, кьеуэн хущимыгъэту:
Хэкlынкъым си псэр, си щхьэхунтыныгъэрщ
Къару уахътыншIэу сызэтезыIыгъэр.
Нэпсейм хы лъащIэм щищIэфынкъым хьэсэ,
Къиззуфынкъым уахътыншIэпсэ,
Абы нэхъуейуэ, тщIифыкIыфми ди лъыр,
Тхьэ, текIуэфынкъым Уи уахътыншIэ псалъэм.
Ди фарэкъым Уэ дынодэуэну!
Къыттемыхуэ Уи хьэкумыр тщIыну!
Гугъапlэ мащIэр щIэтIыгъэну
Къытхуэнэж закъуэри дыгъынырщ.
Къытщодыхьэшхыр ауаныщIу щIыIуэпщIышэр,
Нэпсрэ лъыкlэ щызэхэтщIэкlэ ди тхьэвыр,
Пэжыр чэф хьэлъэу зэкlэ хэтщ жей Iувым,
Ар сытым щыгъуэ къэушыну?
Уэри, ди Тхьэшхуэ, уженну
Сытым щыгъуэ ущыгъуэлъыжынур?
Ди Тхьэшхуэм Уи зэфIэкlыр
Ди фIэщ мэхъур -
Къэушыжынущ пэжыр,
Лъэпкъхэм я Iэхъулъэхъур
Ирахыжынурэ, щхьэхунту
Бэуэжынущ. Хъуэхъухэр къыхуаIэту,
УагъэфIэнущ Уэ игъащIэ псокlэ!
Ауэ зэкlэ йожэхыр псыхэр...
Яхэлъадэ лъыр зыдрахьэхыу!

Бгыхэм адэкlи бгыщ къыпызыщIэжыр,
Пшэ фIыщIэр ятепхъуауэ, лъыр къапыжу.
А къуршхэм ис бгырыс тхьэмыщкIэм
Лъыуэ ящIэтыр къыщIафыкlыр,
Къахуэнэжа щхьэхунтыныгъэр
Къатрихыну ищIа гугъэм
Хъунйм зэрыпхъуакIуэр иregъэкlыр,
И ужьым кьринжь лъыкIпскIыым
Едгъэфэжам арат пащтыхьыр,
И щыщIхуэхэр хэдгъэпскIыхьам
Арат фызабэ гулъ нэпсхэм,
Хъыджэбзэ зи шэгъуэм жэщкlэ уэру,
Гъэпщкlуауэ къыфIежэх нэпс пщтырым.
Ана гузаосэм и нэпс сыру
Зэхэлъэдажхэурэ зы псыдзэу,
Кlэншэу къежэхьм джабэ задэм.
Зыхуэубыдыжкъым, уеблэм адэм,
ЩIегъэж и нэпсыр гуэрыдзэу.
Нэпсхэр зыхэлъэдаж тенджызым
Толъкъункlэ гулъу ахэр езыр,
КъызэщIигъапlэу гущIэгъуншагъэм
Щхьэщытщ тенджызым мафIэ лыгъэр.
Хуалэтыр хъуэхъу хьэзешэм, хьэм:
Дзэзешэхэм щIыхь! ЩIыхь ди пащтыхьым!
Фи Iэужьхэр къыфIщхъэщытыжщ пшэкIухьу!
ЯугъащIэ мыл джанэм
Зэщlнуlалъ кIырыжь щхьэ тхъуахэм!
Щууей лIыхъужьхэм яугъащIэ!
Кьнхъунэ Тхьэм абы ягъащIэр!
Бийм фыщIэщIэтщи, захуэмвыту
Тхьэшхуэм и Псалъэр фэрщ зыкъуэтыр!
Щхьэхунтыныгъэ лъапlэныгъэм
Къригъэблынщу нэхъри лIыгъэр!
Уи чы-бжэгъу уэрщ, хьэлу тlэкlур
КъэплъэIухуакъым хьулакlуэу.

ШЕВЧЕНКЭ Тарас

Кавказ

Поэмэ

А унэжь фэншIэр, хьэлу Iыхьэр
Аракъым лъэхъухэр уэ ныщIитлъхьэр.
Къыдэплъыт дэ... дэ дыгубзыгъэщ,
ЩIэныгъэ диIэу, тхьэлъэIукlэ
ТхьэлъэIукlэ зыхуэдгъаэзу уафэм!..
КъыщыщIэдзауэ тутнакъэщым
Щиухыжу и тахьтэм пащтыхьым
Дыщэпскlэ Iуэхухэр щызэIутщэу,
Къыдолэжьыфыр куэду щIыхьыр.
Дычристэнхэщ, ди куэдщ екIапlэ, члисэ,
Тхьэри, къытщхъэщыжу, дэрщ зи гъуэр,
Евгъэджанхэу къытхуэнвгъакIуэм фи псэр,
Ныфхэтлъхьэнщ чристэнхэм ди хабзэр,
Фыхуэдгъэджэнщ гъавэр зэрыхасэм,
Икlи къэдгъэIэсэнщ фи псэр!
Фи чы-бжэгъу унэр
Бжэгъуу ди нэм щIоу
ЩIым тетхэщи ди Iизынынщэу,
Сыт щIыфхэхIэныр дыгъэр пщIэнщэу,
Хуит дымыщIауэ!
Хьэм хуэдэу
Ныфхуэдздзыжынкъым
Къыфтетха хьэлу Iыхьэр,

Дытыркукъым дэ,
Тырку хабзэри эдмыхьэ!
Дычристэнщ дэ. Бытырбыху
Дыдэсщ, зы мащIэмкlи зыдгъэнщIу!..
Араци, гъусэ зыкъытхуэфщIым,
Федгъэджэфынущ, куэд фэдгъащIэу!
Ди тафэхэр игъуэлъыкIахэщ хуиту,
Сыбыр и закъуэ ярикъунущ куэдым,
Бжыгъэншэщ ди лъэхъуэщхэр, ди сэлэтхэр!
Молдавани, фини, лъэпкъыу хъуам ди деж
Я анэдэлъхубзэр щамыдж.
НэгъуэщIым и анэдэлъхубзэм
Ди деж щыIуаудыфыр псынщIэу и псэр:
Мэтхъэжьыр псори!
Уеблэм унэIутыр
Инджыл Iэщlэтлъхьэри кьидгъэхьащ ди Iумэтым,

ЩIыгъуаэзщ ар мы хъыбарым - пащтыхьыр,
Кхъуэ игъэхъуу губгъуэм здитым,
И ныбжьэгъуфIым и щхьэгъусэм щыхьэу,
Лей ирихьу зэрнукIыжам.
Пащтыхьым и псэр щхьэжам хьэрш кlэнщэм,
ЗащIэу зэрыкIуам жэнэтым тыншу.
Мис апхэдзпсэхэщ ди деж
Зыхуэзlуахыр жэнэтыбжэр!
Фэ фыщIаныгъэнщэщ,
Къыфтрамыщlауэ жор,
Ауэ, щIэныгъэм фыкъыхэтщэу,
Федгъэджэфынущ, къытIэщIафлъхьи псэр!..
Къэдыгъу, къытех, нэгъуэщIым и щIэнтIэпсым
Ущымысхъу хьэлэлу ирипсэу, умыгупсысэу!
ИтIанэ, укъихьащи ди Iумэтым,
ТлъэкIынущ уэри удгъэкlуэн жэнэтым
Уи Iыхьлъхэр зы къэмынэу щIыгъуу -
Уи мыгутъэ ар ди дежкlэ гугъуу!
Теткъым дымыщIэф дэ мы дунейм -
Добжьыфыр багъуэр, хьдосэфыр жылэ,
Францускэр доубыф, едгъэхьу хьэм,
Куэзыр джэгукlэ щцыIхэр идогъэхьыр,
